



REPIBLIK DAYITI
MINISTÈ SANTE PIBLIK AK POPILASYON



GLOKÒM

OCTOBRE 2016

GRAHN-Monn ak CIFAS-MSPP prepare modil sa a, avèk kolaborasyon Doktè François ROMAIN, Prezidan Komite nasyonal prevansyon maladi ki fè moun avèg (CNPC), gras a yon sibvansyon òganizasyon entènasyonal frankofoni (OIF).

Radyo edikatif MENFP a fè pwodiksyon odyovizyèl la.

GRIEAL fè konsepsyon pedagogik la.

Reyalizasyon dokiman an se Doktè Frédéric BARAU DEJEAN.

Modil fòmasyon Glokòm

Table des matières

Entwodiksyon	5
Ki Piblik ki ka enterese.....	8
Konpetans yo :	8
Objektif aprantisay # 1 : <i>Byen konprann ki sa glokòm nan ye epi ki sa pou ou egzamine pou ou konprann glokòm nan..</i>	9
Sekans # 1 : Ki sa pou nou egzamine	9
Konpetans # 1.....	9
Sekans 2 : Jan maladi a fonksyone	13
Konpetans # 2.....	14
Objektif aprantisay # 1 : <i>Sa glokòm nan ye ; kòman vizyon an ye.</i>	14
Sekans # 1 : Definisyon glokòm	14
Sekans # 2: Ki chanjman ki ap fèt nan visyon an ?.....	14
Konpetans # 3.....	16
Objektif aprantisay # 1 :	16
Sekans # 1: Depistay glokòm	16
Sekans # 2: Plizyè kondisyon ki ka fè glokòm devlope pi fasil	18
Sekans # 3: Ki relasyon ki dwe fèt avèk glokòm lè tansyon je a wo ?	18
Konpetans # 4.....	20
Objektif aprantisay # 1 : <i>Kòman pou rekonèt glokòm nan ?</i>	20
Sekans # 1 : Sentòm glokòm.....	20
Konpetans # 5.....	23
Objektif aprantisay # 1 : <i>Devlope metòd ak teknik tretman maladi a.</i>	23
Sekans # 1 : Metòd ak teknik tretman glokòm.....	23
Sekans # 2 : Lè w byen analize maladi glokòm, w ap kapab pwoteje je w pi byen epi jwenn yon bon kalite lavi.....	24
QUIZZ.....	25

Koleksyon Edikasyon nan Sante



GRAHN
POU YON AYITI TOU NÈP



REPIBLIK DAYITI
MINISTÈ SANTE PIBLIK AK POPILASYON

Entwodiksyon

Nan egzekisyon politik nasyonal sante a, ak plan oryantasyon sante a, pou zafè Resous Imèn, Ministè Sante a te chwazi :

1. pou mete fòmasyon pou diferan kategori pwofesyonèl lasante ak pwofesyonèl paramedikal la yo nan yon lòt nivo pi wo,
2. pou asire pèsònèl yo ap jwenn bon fòmasyon detan yo nan travay yo.

«Devlopman lasante nan tout peyi a pa p ka reyisi si chak sitwayen pa rekonèt wòl lasante nan pwòp devlopman pa li epi si yo pa chwazi fason ak konpòtman ki nesèsè pou yo vin an sante epi pou yo kenbe tèt yo an sante.»

Se pou sa, pwomosyon pou lasante vin prezante kòm yon priyorite nan politik nasyonal lasante a, yon fason pou bon kalite enfòmasyon rive jwenn plizyè gwoup ki konsène yo dirèkteman, sou ki bon konpòtman ki ka ede tout moun rete an sante, epi pou yo itilize sèvis yo pi byen nan lite kont maladi.

Direksyon sant enfòmasyon ak fòmasyon nan administrasyon lasante (CIFAS) ki nan Ministè sante piblik ak popilasyon (MSPP) an, mete tèt ansanm ak GRAHN (Gwoup refleksyon ak aksyon pou yon Ayiti tou nèf), ak RENACER (Rezo nasyonal sant resous), pou li ka benefisye espètiz yo ak teknoloji yo nan misyon li ki se bay enfòmasyon epi òganize fòmasyon, pou li ka prepare materyèl ansèyman ak aprantisay ki va disponib sou entènèt, sou sit wèb MSPP a (<http://www.mspp.gouv.ht>), e ki va itil pou fòmasyon a distans (FAD) ak edikasyon sou lasante.

Objektif nou :

- kore fòmasyon pou jèn pwofesyonèl nou yo ki ap travay sitou nan zòn pwovens ;
- fè edikasyon sou lasante avèk sansibilizasyon popilasyon an yon manyè pou fè prevansyon maladi ak pwomosyon lasante.

«Koleksyon CIFAS» sa a ap ogmante firanmezi ak divès lòt modil sou lòt pwoblèm sante piblik ak kontribisyon ni espè nasyonal, ni espè entènasyonal MSPP rekonèt.

Direksyon CIFAS ap remèsye chak grenn asosyasyon pwofesyonèl nasyonal li te kontakte yo pou kontribisyon pa yo nan domèn espètiz pa yo.

Pòtoprens, Ayiti, 21 mas 2016



Frédéric Barau Dejean

Doktè Frédéric BARAU DEJEAN
Direktè CIFAS/MSPP

CIFAS




GRAHN-Monn se yon òganizasyon mondyal ki genyen sitwayen vijilan, toupatou sou latè, ki vle kontribye, apati yon aksyon reflechi, pou yo rezoud pwoblèm Ayiti. GRAHN-Monn se yon òganizasyon ki louvri pou tout moun san eksepsyon. Li santre aksyon li sou konstriksyon yon Ayiti tou nèf. GRAHN-Monn chita sou dwa moun, pataj, solidarite, ledikasyon, respè pou anviwonman an ak devouman san limit pou byennèt tout moun.



Objektif òganizasyon entènasyonal Frankofoni an se kolabore nan amelyore nivo lavi popilasyon yo nan ede yo fè pwòp devlopman pa yo. Li bay tout peyi ki manm li yo konkou nan preparare ak nan ranfòse politik yo, epi li fè yon seri entèvansyon nan politik entènasyonal ak koperasyon ant plizyè peyi, selon 4 gwo misyon li yo ki te deside nan gran reyinyon Frankofoni a.



GRIEAL (Gwoup Rechèch ak Entèvansyon pou yon lòt Edikasyon) se yon sosyete pou etid, konsiltasyon, ankadreman ak fòmasyon, ki ap travay nan sektè Edikasyon, yon mannyè pou gen devlopman sosyo-ekonomik pou lontan. Kontribisyon GRIEAL sa a enskri nan yon estrateji pou li fè oryantasyon, akonpayman, ak ankadreman aktè lokal yo, ni nasyonal ni entènasyonal, ki ap travay sou teren nan devlopman lokal, rejyonal, nasyonal.



Radyo edikativ kreye 6 desanm 1972. Pi gwo objektif li te bay tèt li se patisipe nan amelyore kalite ansèyman an. Depi plizyè lane, li tounen yon sant pwodiksyon pwogram radyo ak televizyon pou moun aprann. Li sèvi anpil kòm kanal pou gaye enfòmasyon, fè motivasyon ak sansibilizasyon pou popilasyon an nan moman kilfo sou plizyè bagay tankou egzamen ofisyèl, katastwòf natirèl, eksetera.



Komite nasyonal prevansyon maladi ki fè moun avèg (CPNC-Haïti) se patnè MSPP pou amelyorasyon kalite e pi bon rezilta swen pou je. Se pou sa, li òganize oubyen li ede pou òganize pwogram fòmasyon ak kanpay depistaj, pou pote swen pou je ak pou operasyon nan je. Komite nasyonal prevansyon maladi ki fè moun avèg travay pou fè pwoblèm je antre nan premye nivo swen sante pwogram MSPP.

cnpcht@gmail.com



CIFAS kreye an 1997 pou akonpaye refòm sistèm lopital ann Ayiti. Li patisipe nan devlopman moun avèk bay konpetans plis valè. Selon sa MSPP mande li a, avèk sipò divès patnè, CIFAS devlope plizyè seri fòmasyon, atelye, semèn ak konferans pou li ankouraje anplwaye ministè yo ak lòt pwofesyonèl lasante yo. CIFAS ap jere sit wèb MSPP a depi 2010. www.mspp.gouv.ht

Òganizasyon modil la

Modil fòmasyon sou glokòm sa a òganize kòm yon konpetans jeneral ki bay plizyè ti konpetans an patikilye.

- ❖ Lè nou di konpetans jeneral, li vle di tout konpetans ak konesans patisipan yo dwe genyen sou maladi glokòm.
- ❖ Konpetans an patikilye yo yomenm ap divize bay objektif aprantisay ak aktivite aprantisay. Pou chak objektif aprantisay, nou fè yon sekans aprantisay ki gen plizyè aktivite aprantisay ladann.

Aprè yon seri aktivite aprantisay fin fèt, epi avan pou nou kòmanse avèk yon lòt sekans aprantisay oubyen yon lòt konpetans an patikilye, nou prevwa pou piblik la fè yon ti tès pou n fikse konpetans ak konesans patisipan yo apèn sot wè yo.

Glokòm

Modil fòmasyon

Ki Piblik ki ka enterese

- 1^e nivo modil yo :

Objektif : enfòmasyon baz - sansibilisasyon popilasyon an – fè prevansyon - fòmasyon Ajan Sante kominotè Polivalan yo (ASCP)

- 2^{èm} nivo modil yo :

Objektif : edikasyon sanitè - pwotokòl ki sa pou fè (Gid jenn pwofesyonèl lasante nan sèvis sosyal)

Konpetans yo :

Aprè modil sa a, patisipan yo ap kapab konnen ak konprann :

- Ki sa maladi glokòm nan ye?
- Sa ou bezwen kontwòl pou ou konprann glokòm
- Sentòm glokòm yo
- Ki kòz ki kapab bay glokòm
- Ki jan yo detekte glokòm (depistay)
- Danje maladi ki pa fè bri sa a reprezante ak jan li grav

Konpetans # 1

Sa pou konprann :

A- Sa maladi glokòm nan ye?


B- Sa pou ou kontwole pou ou konprann sa glokòm nan ye.

Objektif aprantisay # 1 : *Byen konprann ki sa glokòm nan ye epi ki sa pou ou egzamine pou ou konprann glokòm nan..*

Sekans # 1 : Ki sa pou nou egzamine


Aktivite aprantisay # 1: Gade anatomi je a byen.

Detay anatomi je a



Aktivite aprantisay # 2 : Ki sa ki anndan je a

Likid yo ak « kristalen » an




Likid ki nan je a se « **Kò silyè** » a ki pwodui li ; likid sa a soti nan kwen kote **Glè je a** kontre ak « **iris** » la.

Si ta gen nenpòt rezon ki fè likid la pa ka soti vit jan pou li soti a, li pral gonfle nan je a, ki fè tansyon anndan je a p vin ogmante.


Aktivite aprantisay # 3 : Ki wout likid la fè

Wout likid la fè nan je a




Aktivite aprantisay # 4 : Sa nou dwe konnen sou glokòm

1. Dapre OMS, glokòm se dezyèm lakòz ki fè moun vin avèg nan lemonn
2. 50 % moun ki fè maladi sa a pa konn si yo genyen l, paske se yon maladi ki dousman.
3. 1% rivea 3 % kantite moun ki nan lemonn fè maladi sa a. Kèk etid ki poko pibliye ta vle montre ann Ayiti se ta 10% rive 12% Ayisyen ki ta gen glokòm.
4. Glokòm yo rele glokòm primè a (« glokòm a ang ouvè », se li menm pi plis moun fè. Li posib pou li fè moun pèdi je yo nèt, sa vle di yo ka vin avèg.
5. Kantite moun ki fè glokòm ap ogmante toutotan laj la ap ogmante.



Sekans 2 : Jan maladi a fonksyone

Aktivite aprantisay # 1 : Men chak nivo devlopman maladi glokòm nan



Konpetans # 2

Pou kapab esplike ki sa glokòm nan ye epi ki sa li deranje nan moun nan te konn wè nòmalman (sa vle di vizyon moun nan).

Objektif aprantisay # 1 : *Sa glokòm nan ye ; kòman vizyon an ye.*

Sekans # 1 : Definisyon glokòm

Aktivite aprantisay : Sa glokòm la ye ?

Pandan tout tan pwoblèm glokòm nan ap devlope san kontwòl, li ap « devitalize » NÈ OPTIK la, ki vle di li ap detwi li fil pa fil jiskaske pa gen koneksyon ak sèvo a ankò : lè sa a moun nan avèg nèt. Pwoblèm pa wè byen an kòmanse tou dousman avèk sa yo rele « vizyon alantou » a ki pèmèt moun nan wè nòmalman sa ki ap pase sou kote li a dwat oubyen a gòch. Pandan se tan, moun nan wè byen dwat devan li paske vizyon yo rele « vizyon nan mitan » an poko atake. Lè maladi a fin detwi vizyon alantou a, destriksyon nè optik la si li kontinye pral bay pwoblèm avèk vizyon nan mitan an atò, jiskaske moun nan vin avèg nèt.

Glokòm nan devlope ti pa ti pa ; li minen je a firanmezi. Sa lakòz se gwo danje li ye.

Sekans # 2: Ki chanjman ki ap fèt nan visyon an ?


Aktivite aprantisay # 1 : Vizyon nòmal



Vizyon nòmal

Aktivite aprantisay # 2 : Vizyon alantou a detwi

**Vizyon
an tankou
yon tiyo ki
devan je
w**



Aktivite aprantisay # 3: Vizyon nan mitan an ap detwi tou



**Glokòm
grav**

Konpetans # 3

Pou konnen kòman pou depistay glokòm nan fèt epi nan ki kondisyon maladi sa a ka devlope pi fasil

Objektif aprantisay # 1 :

Analize bon jan metòd ak teknik pou fè depistay glokòm nan. Esplike ki sa ki ka fè maladi a devlope pi fasil.


Sekans # 1: Depistay glokòm

Aktivite aprantisay # 1 : Yon fon je nòminal

Depistaj la se yon obligasyon : li dwe fèt tout tan tout lè epi avèk anpil atansyon.

1. Fòk yo chache konnen si gen moun ki fè glokòm oubyen ki avèg nan fanmi an.
2. Fòk yo fè yon egzamen je:


Fon je a nòminal



- a. Egzamen fon je a
- b. Mezire presyon anndan je a (kontwòl tansyon je a)
- c. Analiz nè optik la nan fon je a
- d. Analiz kwen kote iris la kontre ak glè je a
- e. Analiz « chan vizyèl la (Egzamen tout kote je a fè w wè)
- f. Fè egzamen (eskanè) tout ti fil nè optik la yo.

Aktivite aprantisay # 2 : Yon fon je avèk maladi glokòm

Fon je a ak maladi glokòm



Sekans # 2: Plizyè kondisyon ki ka fè glokòm devlope pi fasil

Aktivite aprantisay # 1 : Kondisyon ki fasilite glokòm


1. Lè tansyon je a wo : sa a enpòtan anpil pou konnen epi li fasil pou kontwòle. Sepandan, presyon an ka rive li pi plis pase 23 mm. Hg san moun nan pa fè glokòm; pafwa ou ka jwenn li pi piti pase 21 mm. Hg alòske moun nan fè glokòm. Se sa ki fè doktè toujou dwe chèche si pa gen lòt kondisyon ki ta ka domaje nè optik la.
2. « Jenetik » (jan ou fèt la) :
 - Pran enfòmasyon nan fanmi an (èske gen moun nan fanmi a ki fè glokòm oubyen ki avèg);
 - Afriken, Afriken-Ameriken, Antiyè,...pi plis ka viktim maladi a pase Ewopeyen oubyen Ameriken (nan rapò 4 pou 1).
3. Maladi ki bay pwoblèm sikilasyon san : tan kou dyabèt, tansyon ...
4. Pwoblèm je (lè w pa ka wè lwen byen), tabak, kolestewòl, twòp grès.
5. Sèten medikaman : kòtizòn, medikaman tansyon,...
6. Emoraji ki ka aji sou je a
7. Chòk nan tèt, chòk nan je ...

Sekans # 3: Ki relasyon ki dwe fèt avèk glokòm lè tansyon je a wo ?

Aktivite aprantisay : Èske lè tansyon je a wo sa vle di glokòm ?

1. 30 % moun yo fè tès pa fè glokòm malgre tansyon je a wo;
2. 30 % moun ki fè glokòm pa gen tansyon je ki wo;
3. Mezire tansyon je a pou kont li pa sifi pou yo di yon moun gen glokòm.

Lè tansyon je a ap ogmante...



Konpetans # 4

Sa pou konnen kòm siy ak sentòm maladi glokòm.

Objektif aprantisay # 1 : *Kòman pou rekonèt glokòm nan ?*

Sekans # 1 : Sentòm glokòm

Aktivite aprantisay # 1 : « Glokòm a ang ouvè » oubyen Glokòm primè

Glokòm a ang ouvè a mache tou dousman tankou yon maladi kwonik : li pa montre okenn sentòm, ou pas anti w malad. Se la danje a ye.

- Li pa bay okenn siy ou ka wè,
- Li pa bay doulè,
- Vizyon moun nan pa bese rapid ditou : sa ki fè lè yon malad ki fè glokòm kòmanse reyalize vizyon li bese, maladi a gen tan fè gwo dega paske jiska 50 % nè optik la gen tan detwi nèt san pa gen reparasyon ki posib ankò.


Ou pa wè otobis la ?

Nòmal



Glokòm

Malad la ap vin avèg san l pa konnen



Aktivite aprantisay # 2: Glokòm « ang fèmen »

Glokòm ang fèmen an li menm, li parèt pi plis ka moun ki soti nan peyi annAzi yo epi li devlope brital : se gwo ijans paske moun nan ka pèdi je a menm kote a.

**Glokòm
ijans**



- Tansyon je a monte trè rapid apre inèdtan dezèdtan,
- Gwo gwo doulè nan je a,
- Je a vin tou wouj,
- Byen rapid, moun nan gentan pa wè byen nan je a,
- Ka menm gen noze (anvi vomi) ak vomisman.

Aktivite aprantisay # 3: Glokòm ti moun depi nan vant manman

Sa pa rive fasil pou jwenn ti moun ki fèt a tout glokòm nan : ti moun piti konsa ki fè glokòm nan yo prezante trè souvan ak je yo men lajè, yo pè nenpòt limyè ki fatigue je yo, yo toutan ap fwote je yo, epi je yo toujou ap fè dlo.



**Timoun ki fèt
ak glokòm**

Konpetans # 5

Pou konnen ak pou konprann :

A. Metòd ak teknik pou tretman glokòm

B. Kòman si ou byen analize maladi glokòm, w ap kapab pwoteje je w (vizyon w) epi jwenn yon bon kalite lavi.

Objektif aprantisay # 1 : *Devlope metòd ak teknik tretman maladi a.*

Sekans # 1 : Metòd ak teknik tretman glokòm

Aktivite aprantisay # 1 : Tretman glokòm

Objektif tretman an se pa geri glokòm nan, se fè yon fason aske maladi a pa kontinye ap fè dega : paske pa gen geri glokòm. Dega ki déjà fèt yo fèt nèt.

Yo dwe suiv malad la pou adapte tretman l lan selon jan maladi a ap devlope, epi pou asire li ka jwenn yon bon kalite lavi malgre li gen maladi a.

1. Si yo sispèk se yon glokòm: fòk yo fè suivi a pou retounen analize tout kondisyon ki fasilite glokòm.
2. Tretman an ka se ak medikaman, oubyen se operasyon, oubyen se tou le de.
 - Medikaman yo ap travay pou redui kantite likid k ap fòme nan je a, oubyen fè likid la soti pi fasil.
 - Operasyon an se pou eseye laji ti twou kote likid la soti a pou fè wout pou li pou l ka soti pi fasil.
3. Si ou reyèlman sispèk se yon ka glokòm : ou dwe kontwole tansyon je a, avèk gout pou je epi toujou veye tout lòt kòz ki ka ogmante ris glokòm.
4. Si tretman ak medikaman an pa kontwole tansyon je a, y a fè tretman ak lazè;
5. Twazyèm nivo tretman an se operasyon (chiriji).
6. Fòk yo pa neglije lòt kòz ki ogmante ris yo tankou pwoblèm pa ka respire byen nan dòmi.



Sekans # 2 : Lè w byen analize maladi glokòm, w ap kapab pwoteje je w pi byen epi jwenn yon bon kalite lavi.

Aktivite aprantisay # 2 : Konprann glokòm nan byen pou sove vizyon w epi garanti yon bon kalite lavi.

Lè w konprann ki sa glokòm nan ye, sa ede w sove je w, se poutèt sa depistaj la enpòtan konsa avèk maladi sa ki gen riz (li mache an silans) paske li pa bay anpil sentòm ki te ka fè malad la konnen nan ki eta li ye.

Ou pa ka fè anyen ankò pou nè je a (nè optik) lè li andomaje, men si doktè ta gen tan dekouvri sa byen bonè, si suivi a fèt epi adaptasyon tretman yo fèt, sa ap pèmèt estabilize eta malad la ki dwe toujou vijilan pou suiv preskripsyon ak rekòmandasyon doktè li.

Se pa pè n ap chèche fè moun pè ak maladi glokòm sa a, men se enpòtan anpil pou nou fè moun konprann yo dwe pran glokòm nan trèzoserye epi mete anpil disiplin.

QUIZZ

1. Ou ka fè glokòm san ou pa konnen :

SE VRE ☐ MANTI ☐

2. Yon moun kapab fè glokòm si déjà gen glokòm nan fanmi li :

SE VRE ☐ MANTI ☐

3. Posibilite pou fè glokòm ap ogmante toutotan laj ap ogmante :

SE VRE ☐ MANTI ☐

4. Lè w fè glokòm primè (glokòm a ang ouvè), ou gen gwo doulè nan je a :

SE VRE ☐ MANTI ☐

5. Depi ou mezire tansyon je a, sa sifi pou deklare moun nan fè glokòm :

SE VRE ☐ MANTI ☐

6. Se posib yon moun ki fè glokòm retounen wè nòmal ankò :

SE VRE ☐ MANTI ☐

7. Tretman ka anpeche glokòm nan devlope pi plis :

SE VRE ☐ MANTI ☐

8. Moun ki riske fè glokòm ta dwe fè yon egzamen je (avèk dilatasyon si nesesè) chak ane oubyen chak dezan :

SE VRE ☐ MANTI ☐

9. Se enpòtan pou yon moun fè egzamen konplè pou je li, an menm tan yon evalyasyon sante jeneral li ap fèt :

SE VRE ☐ MANTI ☐

10. Glokòm primè a (fòm glokòm kwonik la) se li yo rankontre pi souvan :

SE VRE ☐ MANTI ☐

Men kèk konsèy pou lè w ap reyalize yon seyans edikasyon sanitè

Edikasyon sanitè chita sou prensip kominikasyon. Se konsa, edikatè nan sante a, nan ka sa a pwofesyonèl lasante a, dwe konnen fondamantal yo nan kominikasyon, baryè ak eleman ki fasilite kominikasyon an, pou mesaj li abyen pase. Li fèt tou pou li konnen tout prensip yo pou kominike ak yon moun oswa yon gwoup moun epi ki kalite ak konpetans yon bon pwofesè, yon bon edikatè.

2. Li ka sèvi ak plizyè metòd pou li pase mesaj li yo, tankou :

a) Metòd edikasyon endividyèl: Diskisyon, Konsèy, Vizit lakay

b) Metòd edikasyon kominotè: Koze, Reyinyon, Diskisyon an gwoup, Demonstrasyon

N.B.: Metòd yo dwe adapte ak sijè epi yo dwe aplike selon gwoup ki la a.

Li rekòmande pou trete yon sèl sijè chak fwa.

3. Yon seyans edikasyon sanitè pa ta dwe fè plis pase 20 a 25 minit, ki gen ladann 10 a 15 minit pou yon ekspozè, epi tan ki rete a ap sèvi pou diskisyon, distribisyon materyèl, eksetera .

Konsantrasyon patisipan yo varye avèk gwoup la ak sikonstans, sa se yon reyalite. Se pou edikatè sanitè a sonje ke lè nivo edikasyon moun nan pi piti, tan konsantrasyon li ap bay la ap pi kout.

Lè konsa edikatè a dwe obsève reyaksyon patisipan yo epi rete vijilan pou suiv sinyal li ka bay swa se fatig swa li pa enterese tankou:

- Ti konvèsasyon apa ak kèk moun
- Detire, baye, eksetera
- Oswa li endiferan (li lwen oubyen se yon yon lòt bagay l ap suiv)
- Konvèsasyon byen fò pandan lòt mou nap pale.

4. Edikatè a oblije sèvi ak lang ki pi konsekan avèk nivo patisipan yo. Se va lang yo pale pi plis nan kominote a, paske lang nan kapab reprezante yon baryè pou yon bon kominikasyon. Diskou an dwe poze tou pou piblik la byen konprann : edikatè a pa dwe pale ni twò dousman ni twò vit. Ak pasyans, respè, trankil, l ap jwenn bon patisipasyon pi fasil.

Anfen, edikatè a dwe asire ke mesaj li a byen pase. Kidonk, anvan li kòmanse nenpòt seyans edikasyon, li dwe gen byen klè nan tèt li kèk pwèn enpòtan li vle pou patisipan yo sonje de fason pou li fè yon bon rezime lè seyans lan fini.

